



Built to Lead

Pou Piblikasyon Imedya: 13/11/2016

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

**LÈT OUVÈT GOUVÈNÈ CUOMO A NAN NEW YORK DAILY NEWS:
“Eleksyon sa a se te pou nanm Etazini, epi se sa ki fè jodi a anpil nan nou santi
nou jan nou santi nou jodi a la; nanm nou malad.”**

Yè swa, [New York Daily News](#) te pibliye yon lèt ouvèt Gouvènè Andrew M. Cuomo te ekri pou l adrese moun k ap viv nan Eta New York yo aprè eleksyon madi a. W ap jwenn lèt la a anba la.

Moun pami nou ki gen eksperyans nan politik konnen pèdi fè pati eksperyans lan. Sepandan, defèt Sekretè Deta Hillary Clinton madi a te yon eksperyans patikilyèman ki alafwa difisil, pwanyan ak dekonsètan epi efreyan. Mwen te vle pataje kèk ide sou kijan nou dwe reyabilite nou pandan jou k ap vini yo.

Jan Clinton te di a, lè Donald Trump pran pouvwa, nou dwe yon lespri ouvè anvè li epi ba l chans pou l gouvènè. Sò bato a toujou gen plis priyorite pase idantite kaptèn lan, epi nou dwe jwe wòl pa nou fidèlman pou nou ka pwoteje bato a.

Nwit li pran pouvwa kòm kòmandan an chèf la, Donald Trump te di li vle Prezidan pou tout Ameriken. Malgre divizyon kanpay la, li gen yon opòtinite pou l onore pwomès sa a lè li pran aksyon sou pwoblèm ki gen pwen dantant ak opozisyon an yo an premye lye. Li te di li vle gouvènè nan non Ameriken yo bliye yo, epi nenpòt lè li fè sa a, li ka konte sou Demokrat ansanm ak Repibliken pou ede l atenn siksè.

Trump te di tou li vle rekonstwi enfrastrikti Etazini yo. Nan efò sa a, li mèt konte sou New York antanke yon patnè volontè paske pon Tappan Zee Bridge la, yon nouvo ayewopò La Guardia, yon nouvo tinèl cross-Hudson Tunnel, ak relansman Penn Station lan ap kontinye vanse.

Men pandan nou ap onore Etazini lè nou onore rezilta eleksyon an yo, nou pral goumen avèk anpil pasyon jan nou kapab, nan chak opòtinite ki prezante yo, pou nou rejte atitid lahèn ki te inonde sezon kanpay 2016 la. Nou pa ka detande sa nou te tandè deja yo. Vwa Ku Klux Klan, nasyonalis blan, otoritarism, mizojini ak zenofobi yo. Yon pwendvi jeneralman dedenye de ideyal Etazini genyen yo.

Nou tout te swete lè nou te leve maten 9 novanm, gwosyète sezon kanpay la t ap resi fini. Men yon jou apre Jounen Eleksyon an, yon swastika ak mo “make America white again” (“fè Etazini tounen vin gran ankò”) parèt, yo te ekri l ak penti esprey sou yon tèren Softball nan Wellsville - nan Eta New York nou an.

Mwen pa kapab epi mwen pa pral pretann bagay sa yo nòmal, menm si gen anpil milyon Ameriken ki te vote pou yon kanpay swa akòz prensip sa yo, oswa malgre yo. Mwen konnen gen anpil milyon moun tankou mwen menm - Demokrat tankou Repibliken ki rejte prensip sa yo. Janm te di nan lòt okazyon ankò, eleksyon sa a se te pou nanm Etazini, epi se sa ki fè jodi a anpil nan nou santi nou jan nou santi nou jodi a la; nanm nou malad. Men pandan nou aksepte rezilta eleksyon an yo, nou pa p aksepte pozisyon sa yo.

Anpil Ameriken te goumen kont atitid sa yo avan eleksyon 2016 la, epi nou pral kontinye goumen jouk sa kaba pou nou ka venk yo. Sa se misyon nou, epi dedikasyon nou genyen pou siksè li a pa depann de moun ki nan Mezon Blanch lan. Ameriken prete sèman pou “yon sèl pèp, endivizib kote gen libète ak jistis pou tout moun.” Yon sèl eleksyon pa ka efase angajman sa a.

Nou menm Demokrat nou pa manke resous. Nan Chuck Schumer ak Nancy Pelosi, Demokrat yo gen lidè nan Kongrè a ki se anpil palmantè briyan, epi ki pral avanse ideyal nou yo menm pandan yo pral mete yon fòtifikasyon pou pwoteje prensip nou yo. Men tou, ann gade nan gouvènman onivo eta nou yo pou nou wè ki kote nou ka fè pwogrè. Youn nan rezon ki fè anpil nan pwogram New Deal Prezidan Roosevelt la yo te pwouve yo efektif se paske li te eseye yo avan pandan l te gouvènè New York. Inisyativ tankou Egalite pou Maryaj te vin lwa nan New York ak lòt eta avan yo te vin lwa tout peyi a. Kongrè a te refize pran aksyon pou kontwòl zamafe, men nou te dekrete madi a, yon lwa solid nan New York, ak California, Nevada, ak Washington pou ranfòse lwa sou zamafe ki te la deja yo.

Pandan mond lan ap goumen pou pran yon konsansis pou konbat chanjman klimatik, nou menm nan New York nou entèdi fraktirasyon idwolik epi nou mete sou pye yon estanda enèji renouvlab ki egzijè pou 50% elektrisite nou itilize soti nan sous enèji renouvlab tankou van ak solèy avan 2030. Ane sa a nan Eta New York, nou dekrete yon lwa ki egzijè 15 dola pou yon edtè travay kòm salè minimòm, meyè pwogram Konje Familyal Peye nan peyi a, epi nou dedye plis finansman pou edikasyon pase avan. Epi nan Eta sa a, nou te atenn siksè sa yo ak yon lejislati divize: Demokrat ak Repibliken mete tèt ansanm, pou yo pwouve nou kapab pwogresif epi bipatit anmenm tan. Annefè, gen plis pase yon sèl wout ki mennen anvè pwogrè.

Nou pral wè ki pwopozisyon ki fè pati ajanda Prezidan eli a ase vit. Deja, sanble preske tout Repibliken ekstrèm dwat ki egziste yo pran viktwa gran elektè Trump lan tankou yon manda pou l dekrete ide ak pwopozisyon radikal yo, kèlkeswa doulè sa enflije ak dezawa sa lakòz. Mwen kwè anpil bon sans pral triyonfe evantyèlman, epi prensip tradisyonèl Ameriken nou genyen pou jistis, libète ak egalite yo pral evantyèlman renye. Alafen, se yo ki toujou renye.

Demokrat tankou Repibliken yo tout goumen pou prensip sa yo atravè istwa pèp nou an — soti depi epòk Abraham Lincoln te deklare nou se yon pèp ki pa vle malveyans kont pesòn epi ki gen lacharite pou tout moun, rive lè yon jèn Senatè ki soti nan Eta Illinois la

te di: Pa gen yon Etazini nwa ak yon Etazini blan ak yon Etazini laten ak yon Etazini azyatik; gen yon Etazini Damerik. Chemen an souvan pa fasil, ni pri a pa bon mache; men nenpòt sa a moman sa mande nou pou n fè, nou prè.

Papa m Mario Cuomo te pase lavi l antye ap goumen kont pèn lanmò, menm lè li pa te popilè, menm lè sa te koute l pouvwa gouvènè a, paske l te kwè se sa ki te jis. Mwen pral goumen kont siblaj mizilman, imigran ak kominote LGBTQ a yo, epi pou dwa Ameriken yo genyen chak jou mwen sou pouvwa sa a ak chak jou apre sa a.

Pou prensip nou yo, pou dwa nou yo, pou vizyon nou genyen pou Etazini an, pou moun ki depann de nou yo, nou pral goumen pou yo. Epi se poutèt sa, nou pa vle fè konpwomi.

###

W ap jwenn lòt nouvèl ki disponib sou sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Ekzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418